

Kesyon Yo Poze Souvan sou Kesyon pou Moun Vote sou yo nan Eleksyon ke Komisyon pou Jistis Rasyal (Racial Justice Commission, RJC) ap pwopoze

Kesyon pou Moun Vote sou yo nan Eleksyon ke Komisyon an ap pwopoze yo baze sou sa Nouyòkè yo di nou. Entansyon dèyè chak kesyon sa yo se pou fè ekite rasyal la vin yon pwèn enpòtan santral nan gouvènman Vil la. Komisyon an vize pou l pwopoze chanjman ki estriktirèl, ki antre nan manman kesyon inegalite rasyal ki genyen nan vil la. Nou kontan pou nou prezante yo bay elektè Vil New York yo nan mwa Novanm lan.

Pou plis detay sou kesyon pou moun vote sou yo nan eleksyon an, tanpri li rapò final nou an. Rapò final nou an gen yon rezime sou travay Komisyon an, pwosesis la, ak entansyon ki genyen dèyè chak kesyon pou moun vote sou yo nan eleksyon. Rapò a bay tou yon kontèks ak analiz sou rasis estriktirèl nan Vil New York. <https://racialjustice.cityofnewyork.us/wp-content/uploads/2022/05/Final-Report-of-the-NYC-Racial-Justice-Commission.pdf>

Kesyon pou Moun Vote sou yo nan Eleksyon #1: Yon Deklarasyon Prensip Fondamantal pou Gide Gouvènman an

Kisa li ye?

Pwopozisyon sa a ap ajoute yon prefas nan ak konstitif Vil la. Yon prefas se yon deklarasyon entwodiksyon ki eksplike entansyon oswa objektif yon dokiman legal, tankou yon konstitisyon oswa yon lwa. Prefas nap pwopoze a defini prensip kolektif nou yo epi li rekonèt istwa nou atravè yon deklarasyon gid.

Prensip ki nan prefas nap pwopoze a soti dirèkteman nan opinyon piblik la. RJC a etidye prefas nan lòt peyi, nan lòt eta ak nan lòt vil epi li te fè konvèsasyon ak lidè kominote lokal ak nasyonal yo, save yo, aktivis, jèn moun ak lidè relijye yo vityèlman ak an pèsòn nan toulèsenk minisipalite yo. Atravè efò sa yo, RJC te idantifye prensip—tankou ekite, enpasyalite, konpasyon, responsablite, ak jistis—ki se prensip ki pi enpòtan yo pou Nouyòkè yo.

Prefas nap pwopoze a:

- Rekonèt tò ki te fèt nan tan pase
- Rekonèt kontribisyon ak lidèchip Nouyòkè ki te goumen pou jistis
- Pwopoze yon vizyon pou yon vil ki jis ak ekitab ki baze sou prensip Nouyòkè yo

Poukisa sa enpòtan?

RJC a kwè li enpòtan pou lwa fondamantal nou an rekonèt istwa nou epi eksprime klèman yon vizyon pou katye ak vi ki gen bon jan kalite, ki rezistan, e ki gen bonjan resous pou tout Nouyòkè. Pandan pwosesis revizyon ak konstitif la, komisyonè nou yo te sezi lè yo te aprann ke ak konstitif Vil New York la pa gen yon prefas aktyèlman. Pa gen okenn seksyon nan ak konstitif la ki endike klèman prensip fondamantal Nouyòkè yo.

Anplis de sa, di laverite se yon pati kritik nan travay RJC a pou kòmanse demantle rasis estriktirèl. Kòm yon premye etap nan direksyon pou laverite, rekonsilyasyon ak reparasyon, prefas nap pwopoze a ap enskri nan konstitisyon Vil la yon rekonesans sou enjistis istorik yo ak sou vye verite sou rasis ak diskriminasyon ki genyen nan vil nou an. Pa egzanp, li rekonèt efò istorik imigran Azyatik yo deplwaye

nan fasonnen Vil New York—efò ki patikilyèman enpòtan jounen jodiya kote gen anpil Azyatik ki ka pa santi ke vil yo a konplètman aksepte kontribisyon yo. Prefas la rekonèt kontribisyon gwoup ki ekskli istorikman yo pou vil la ka kòmanse avanse nan direksyon pou gerizon ak jistis.

RJC a kwè ke gouvènman Vil New York la ta dwe itilize prensip Vil New York la yo kòm gid. Objektif pou ajoute yon prefas se pou elabore klèman yon vizyon pou vil nou an, ki chita sou yon konpreyansyon istwa nou ak prensip nou antanke Nouyòkè. Lè nou ajoute yon prefas sa ap pèmèt Nouyòkè yo adopte yon vizyon ak prensip fondamantal pou Vil New York pou gide gouvènman Vil la nan akonpli devwa li yo.

Kijan li fonksyone?

Anplis mo ki ladan l yo, prefas la gen pou objektif pou l gen yon efè reyèl sou fason gouvènman Vil la ap travay. Prefas nap pwopoze a mande ajans Vil yo ak fonksyonè Vil yo pou yo sèvi ak li kòm yon gid pandan yap akonpli fonksyon yo. Prefas la gen pou objektif pou l gide fason gouvènman Vil la egzekite fonksyon planifikasyon, revizyon ak odit li yo pou avanse nan direksyon vizyon ki tabli nan prefas la.

Prefas nap pwopoze a gen pou objektif pou l fè gouvènman Vil la ak fonksyonè Vil yo pou yo konsantre yo sou nouvo vizyon ekite ak jistis sa a pou tout Nouyòkè. Li mande nou tout antanke Nouyòkè, pou nou rekonstwi, revize ak reyimajine fondasyon, estrikti, enstitisyon ak lwa nou yo, pou nou kapab pwomouvwa jistis ak ekite pou tout moun. Li deklare ke Vil la dwe angaje l pou l repare tò pase ak kontinyèl yo. "Nouvo konsantrasyon" sa a ke gouvènman Vil la dwe adopte a pral gide gouvènman an nan akonpli fonksyon li yo, li pral gide l tou nan detèmine ki sa Nouyòkè yo bezwen pou yo pwospere, bagay tankou nouvo envestisman nan katye yo, sèvis yo bay nan lang ki fasil pou konprann ke yo pale, oswa bon jan kalite lopital ak lekòl kote yap viv la.

Byenke prefas la pa kreye yon dwa prive pou pran aksyon, li gen pou objektif pou li tabli yon vizyon ke Vil la dwe atenn epi ke Nouyòkè yo ka genyen kòm referans lè yap chèche rann gouvènman an responsab. Yo pral mande ajans Vil yo pou yo sèvi ak prefas la kòm yon gid pou devlope pwogram yo ak revize pèfòmans yo. Defansè yo kapab fè referans a prefas la nan konvèsasyon sou wòl gouvènman Vil la ta dwe jwe nan sosyete a.

Kesyon pou Moun Vote sou yo nan Eleksyon #2: Kreye yon Biwo, Plan ak Komisyon pou Ekite Rasyal

Kisa li ye?

Pwopozisyon sa a ap kreye yon Biwo pou Ekite Rasyal, yon Plan pou Ekite Rasyal nan tout vil la, ak yon Komisyon pou Ekite Rasyal.

Biwo pou Ekite Rasyal la ap dwe travay avèk chak ajans Vil la pou kreye Plan pou Ekite Rasyal ak done ki mezire disparite. Tout plan sa yo ap entegre nan yon Plan pou Ekite Rasyal pou tout vil la ki pral responsablitee majistra a. Kreyasyon plan sa yo dwe fèt an menm tan ke ajans yo angaje nan pwosesis bidjè a.

Biwo pou Ekite Rasyal la ap responsab tou pou kreye pi bon pratik pou rann sèvis ak pwogram Vil yo pi ekite epi pi aksesib pou Nouyòkè yo, tankou amelyore aksè nan lang, asire resous yo disponib nan katye defavorize yo, epi adrese fason sèten gwoup ka vin majinalize oswa ekskli.

Komisyon pou Ekite Rasyal la ap yon òganis endepandan ki idantifye priyorite pou Plan pou Ekite Rasyal pou tout vil la ki baze sou opinyon kominote a. Komisyon pou Ekite Rasyal la ap revize tou epi fè rapò

sou Plan pou Ekite Rasyal pou tout vil la. Diferan fonksyonè Vil yo ap nonmen 15 manm pou dirije Komisyon pou Ekite Rasyal la. Komisyonè yo dwe reflekte divèsite nan kominote nan New York yo.

Poukisa sa enpòtan?

RJC a kwè pwopozisyon sa a enpòtan paske lap rann majistra a ak chak ajans Vil la responsab pou ekite rasyal. Pwopozisyon sa a gen pou objektif pou l fè ekite rasyal vin yon pwèn enpòtan santral nan gouvènman Vil la. Enfrastrikti Ekite Rasyal la fèt pou kreye yon kad ki antre nan manman kesyon disparite rasyal yo nan Vil New York. Epi kad sa a fèt pou evolye, adapte ak grandi plis tan an ap pase.

RJC a kwè ke, si elektè Vil New York yo apwouve l, pwopozisyon sa a pral enfrastrikti ekite rasyal ki pi odasye ak pi anbisyè nan peyi Etazini.

Objektif la se pa pou fè l tounen jis yon lòt biwo sèlman. RJC a kwè ke gouvènman Vil la bezwen yon òganis santral pou asire ke travay sa a kowòdone atravè *tout* ajans yo. *Chak* ajans Vil la – soti nan Administrasyon pou Sèvis Timoun (Administration for Children's Services, ACS) rive nan Biwo Jesyon ak Bidjè (Office of Management and Budget, OMB) – ap responsab pou kreye yon plan pou adrese ekite rasyal. Pwosesis planifikasyon sa a dwe fèt pandan ajans yo ap prepare bidjè yo. Konsa, ajans yo ka asire travay sou ekite rasyal yo genyen ase resous ak lajan pou reyisi. Epi gen yon "kontwòl" endepandan sou pwosesis sa a – Komisyon pou Ekite Rasyal la.

Komisyon pou Ekite Rasyal la pap yon komisyon tipik ke nap genyen nan Vil New York la. Li fèt pou enkli vwa ak pèspektiv ki pa tradisyonèl yo. Lè nou genyen diferan fonksyonè Vil la kap nonmen komisyonè yo sa asire yon sistèm ekilib pouvwa pami fonksyonè eli yo. Komisyon pou Ekite Rasyal la gen pou objektif pou li asire responsablite e ke yo tandè vwa kominote yo nan pwosesis la.

Plan pou Ekite Rasyal yo enpòtan paske menmsi nou tout konnen disparite yo egziste, li toujou enpòtan pou mezire yo. Fonksyonè yo ak piblik la bezwen done sa yo pou konprann si politik aktyèl oswa nouvo politik yo ap amelyore oswa agrave lakin sa yo. Done yo nesesè tou pou konnen ki katye ki gen pi move disparite yo pou fonksyonè yo ka bay pwogram ak resous ki pral adrese disparite sa yo, priyorite. Plan yo ap rann ajans yo responsab pou eksplike kijan yo pral abòde disparite yo ak amelyore rezilta yo pou tout moun.

Kijan li fonksyone?

Plan pou Ekite Rasyal

Chak dezan, pandan pwosesis bidjètè Vil la, tout ajans Vil yo ap gen pou devlope Plan pou Ekite Rasyal. Tout plan sa yo ap entegre nan yon Plan pou Ekite Rasyal pou tout vil la ki pral responsablite majistra a.

Plan pou Ekite Rasyal yo ap gen ladan yo done pou mezire si ajans lan ap amelyore oswa pap amelyore ekite rasyal nan travay li. Ajans yo dwe kolekte ak soumet done pou pwouve efikasite plan yo. Plan yo dwe gen ladan yo toude estrateji akoutèm pou reparasyon imedyè ak estrateji alontèm pou adrese kòz prensipal inegalite yo.

Biwo pou Ekite Rasyal

Majistra a ap responsab pou nonmen yon Direktè Anchèf Kesyon Ekite pou dirije Biwo pou Ekite Rasyal la. Biwo pou Ekite Rasyal ap aji kòm òganis kowòdinasyon pou devlopman Plan pou Ekite Rasyal yo.

Biwo pou Ekite Rasyal la ap responsab pou tabli estanda pou separe done yo pou montre diferans nan byennèt ant Nouyòkè ki gen diferan ras oswa etnisite yo, ak pami diferan katye yo. Sa ap pèmèt gouvènman an vize pi preziman bezwen kominote ak katye espesifik yo.

Anplis de sa, Biwo pou Ekite Rasyal la ap responsab pou kreye kat katye yo pou konprann ki katye ki defavorize. Epi, Biwo pou Ekite Rasyal la dwe kreye pi bon pratik pou ajans Vil la yo bay bagay sila yo priyorite: fasilite pou itilizasyon, jistis lengwistik, ak aksè, ki enkli aksesibilite fizik, yon fason pou elimine obstak ki fè aksè a gouvènman an pran anpil tan ak difisil pou Nouyòkè yo. Finalman, Biwo pou Ekite Rasyal la ap responsab pou fè pwogrè nan politik ak pi bon pratik ki adrese fason moun ak kominote yo te majinalize.

Komisyon pou Ekite Rasyal

Komisyon pou Ekite Rasyal la ap rasanble opinyon kominote a pou idantifye priyorite ki dwe enkli nan Plan pou Ekite Rasyal yo. Komisyon pou Ekite Rasyal la ap gen opòtinite pou reponn ak Plan pou Ekite Rasyal Vil la, revize done, epi bay pwòp rapò pa l sou pwogrè Vil la.

Komisyon pou Ekite Rasyal la pral endepandan de Biwo Majistra a epi lap sèvi kòm yon "kontwòl" sou Plan pou Ekite Rasyal Majistra a. Komisyon pou Ekite Rasyal la pral gen 15 komisyonè ladan l ki soti nan chak minisipalite ke majistra a, Konsèy Vil la, Responsab Kontwòl Finans la, ak Defansè Piblik la nonmen. Fonksyonè Vil yo ap dwe nonmen komisyonè ki reprezante oswa ki gen eksperyans nan pledwaye pou Nouyòkè ki afekte chak jou pa rasis estriktirèl, ki enkli moun ki pat janm sèvi nan yon komisyon oswa nan yon konsèy anvan, moun ki te abite nan lojman piblik, moun ki te nan prizon avan, ak moun ki reprezante vwa jèn yo.

Kesyon pou Moun Vote sou yo nan Eleksyon #3: Mezire Pri Lavi Reyèl la

Kisa li ye?

Pwopozisyon sa a ap mande pou Vil la mezire Pri Lavi Reyèl la. Vil la ap oblije kalkile yon montan mwayèn ki nesès pou kouvri depans pou bezwen esansyèl nan Vil New York epi fè yon rapò sou li chak ane.

Poukisa sa enpòtan?

RJC a kwè ke Pri Lavi Reyèl la pral yon premye etap ki nesès nan direksyon pou jistis ekonomik lè li mete aksan sou yon estanda pou diyite olye ke li mete aksan sou rete jis pi wo pase nivo pòvrete a oswa pase kondisyon pi pòv yo. Pri Lavi Reyèl la gen pou objektif pou chanje konvèsasyon an lè li konsantre sou vrè pri lavi nan Vil New York la, olye ke l konsantre sou yon chif ki ba anpil, e ki baze sou pòvrete.

Èske w te konnen ke direktiv federal pou pòvrete a di ke yon fanmi kat moun nan Vil New York pa viv nan pòvrete si yo gen yon revni \$26,501? Chak Nouyòkè konnen montan sa a ba anpil e li pa reyalis. Rezon an se akòz kritè pou direktiv federal pou pòvrete a, ke yo pa mete ajou depi ane 1960 yo, pa pran an konsiderasyon diferans ki genyen nan pri lavi onivo rejyonal yo.

RJC a kwè Nouyòkè yo ta dwe kapab fè plis pase jis egziste nan yon sik pòvrete san fen. Mezi Pri Lavi Reyèl la ka ede idantifye sa kap nesès pou moun viv a yon nivo ki pi wo pase yon nivo sibzistans.

Lè nou egzije Vil la pou l mezire Pri Lavi Reyèl la sa gide desizyon Vil la lè lap devlope ak administre pwogram ak sèvis yo, ak lè lap fikse salè pou pwòp anplwaye li yo ak anplwaye kontraktiyèl yo. Menm jan

an tou, RJC a vle pou defansè yo, sendika yo, travayè yo ak moun ki responsab pou devlope politik yo sèvis avèk mezi Pri Lavi Reyèl la pou pwomouvwa chanjman kap fè Nouyòkè yo soti nan pòvrete pou yo vin gen yon nivo vi ki gen diyite.

Sa a se yon chanjman fondamantal an repons a anpil istwa nou te tandè sou kriz inabòdablite a nan Vil New York ki gen yon enpak dispwoposyonèl sou Nouyòkè ki pa blan yo.

Kijan li fonksyone?

Chak ane, Vil la ap dwe mezire Pri Lavi Reyèl la. Vil la ap oblije kalkile pri mwayèn sa koute pou bezwen esansyèl yo ki enkli, men ki pa limite a, lojman, gadri, depans pou timoun ak depandan, manje, transpò, swen sante, rad ak soulye, pwodwi pou fanm ki gen règ yo, pwodwi ijyèn jeneral yo, pwodwi netwayaj, atik pou kay, sèvis telefòn, sèvis entènèt ak lòt depans ki nesèsè yo, ki ka gen ladan, depans tankou obligasyon taks. Asistans piblik oswa charite pap konte nan depans sa yo. Olye de sa, kalkil la pral yon total pou sa li koute pou satisfè bezwen esansyèl sa yo nan vil nou an san yo pa konte sou asistans piblik oswa prive. Vil la ap oblije fè rapò piblikman sou mezi sa a chak ane.

Objektif Pri Lavi Reyèl la se pa bay Nouyòkè lajan ni retire lajan nan men yo. Depreferans, RJC a te kòmanse ak yon lide santral: lè nou pa konnen vrè pri lavi a nan Vil New York sa fè li enposib pou diskite sou eta byennèt ekonomik Nouyòkè yo. Lè nou defini defason ki pi konkrè kou ki nesèsè pou viv avèk diyite, nou ka travay sou solisyon pou sipòte moun ki gen difikilte yo epi anpeche sik pòvrete yo afekte jenerasyon kap vini yo.